МКОУ «Стальская гимназия»

| | |
|---|---|
| Рассмотрено : | Утверждаю : |
| Зам. директора по ДВР | Директор МКОУ |
| | «Стальская гимназия» |
| Гимбатова М.Д. | Гаджимагомедов М.Я. |
| « 29 » 08.2023 | «29 » 08. 2023 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному (аварскому) языку
## 6 класс (68 ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гьваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гъабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинениядалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

**Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух** буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гьоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан **к1**алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочиненияздалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъги.

# Авар мац1 6 класс

| № | Дарсил тема | | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Словарь | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъаб баян | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. 6 кл. авар мац1гун лъай-хъвай гьаби | | |
| 2 | Лексика ва фразеология. 5 абилеб классалда малъараб лексика такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Лексикаялъул х1акъалъулъ баян такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| 3 | Киназго х1алт1изарулел раг1аби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Лит. мац1алъе баян кьезе;<br>Раг1ул аслияб маг1на бици | | |
| 4 | Диалектикиял ва пишачилъиялъ ул раг1аби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Диалектикиял ва пишачилъиялъул раг1абазе баян кьезе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| 5 | Цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1алдохъабазул лъай-хъвай гьабизе цогидал мац1аздаса рач1арал раг1абигун;<br>2. Г1урус мац1алдаса рач1арал раг1абазул бит1ун -хъваялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьезе; 3.К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Ц1иял ва басралъарал раг1аби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1иял ва басралъарал раг1абазул х1акъалъулъ бич1ч1и кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к/ц | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Фразеология | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Фразеологиялъул ва фразеологиял сверелазул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Муг1рузда бет1ербахъи | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва пунктуациялъул бажари лъазе; | | |
| | Раг1и лъугьин. 5кл. малъараб материал такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Сундул кумекалдалъун раг1и лъугьунеб бици;<br>2. 5 классалда малъараб материал т/гь (раг1аби лъугьин)<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьин: ***суффиксазул кумекалдалъун*** | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьунеб куц бихьизаби;<br>2. Авар мац1алда суффиксазул кумекалдалъун раг1аби лъугьин бихьизаби ва бич1ч1изаби<br>3)Суффиксазул кумекалдалъун раг1аби лъугьинаризе лъазе: | | |
| | ***К1иго раг1и, яги к1иго кьибил жубан раг1аби лъугьин*** | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. К1иго раг1и, яги к1иго кьибил жубан лъугьарал раг1абазулгун бит1ун - хъваялъул лъай-хъвай гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | ***Бак1алъул г1адамал рихьизарулаго, раг1ул кьибил хисиялдалъун*** | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бак1алъул г1адамал рихьизарулаго, раг1ул кьолбол кинаб хиси кколеб бихьизаби:<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | ***Цо каламалъул бут1а цогиялъул бак1алда х1алт1изаби*** | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Каламалъул бут1аби такрар гьари;<br>2. Каламалъул бут1абазул дандеккей;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Журарал къокъ гьарурал раг1аби. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Кинаб мац1алдаса нилъехъе къокъ гьарурал раг1аби рач1арали бицине;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул к/ц<br><br>2. Ц1алдохъабазул рузиде бугеб бербалагьи хисизаби; гьелъул г1адамазе бугеб | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Изложение. Руз | 1 | Калам цебет1езаби | пайда | | |
| | Морфология ва бит1унхъвай. Предметияб ц1ар. Предметияб ц1ар (цебесеб классалда малъараб такрар гьаби) | 1 | Такрар гьаби | 1.Цебе малъараб материал такрар ва гъварид гьаби;<br>2. Падежал такрар гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1.Цебе малъараб г1амлъизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Бак1алъул падежал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Падежазул ахиразул бит1унхъвай малъи;<br>2. Предметиял ц1арал падежазде сверизаризе ругьун гьаризе;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Предметияб ц1аралъул г1емерлъул форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Пред. ц1ар такрар гьаби;<br>2.Пред. ц1аралъул г1емерлъул формаялъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Г1емерлъул формаялде пр. ц1ар падежазде свери. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Г 1емерлъул формаялъул пр. ц1арал падежазде сверизе гьаризе ругьун гьаризе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Предметияб ц1аралъул суффиксал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предметиял ц1арал лугьизаризе х1алт1изарулел суффиксазе баян кьезе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Журарал предметиял ц1арал ва гьезул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал пр. ц1арал кин лъугьунелали рихьизари;<br>2. Журарал пр. ц1аразул бит1унхъвай малъи:<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Контролияб диктант «Муг1рузда бет1ербахъи» | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъулаб ва пунктациялъулаб лъай щиб даражаялда бегебали хал гьаби | | |
| | Предметияб ц1аралъул морфологияб разбор. «Нижер класс». Ругьун гьариялъул сочинение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Морфологияб разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц; Гьудул гьалмагълъиде рокьи ц1ик1к1инаби.<br>3. Диктанталъул анализ гьаби | | |
| | Прилагательное | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Прилагательное к/б х1исабалде г1аммаб баян кьезе;<br>2. Пр. членал такрар гьари<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Качествиял прилагательноял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Качествиял прилагательноязе баян кьезе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Гьоркьоблъиялъу-лал прилагательноял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Качествиялги гьоркьоблъиялъу-лалги прил. гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Прилагательноял лъугьунеб куц. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Авар мац1алда прилаг. лъугьунел къаг1идабазулгун лъай-хъвай гьаби;<br>2.Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъулаб лъай щиб даражаялда бугебали хал гьаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Предметияб ц1арлъун лъугьарал прилагательноял падежазде свери | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Пред. ц1арул бак1алда х1алт1изарулел прилаг. падежазде сверизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Г1урус мац1алдаса рач1арал прилагательноя | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Г1урус мац1алдаса раг1арал прил-зул бит1ун хъваялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | -зул бит1унхъвай | | | | | |
| | Сочинение «Нижер хъизан» | 1 | | 1. К1алзул ва хъвавул к/ц<br>2. Эбел-инсуде яцал вацазде бугеб рокьи ц1ик1инаби | | |
| | Прилагательно я-лъул разбор. Сочиненияльул анализ | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Прилогательно-ялъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Сочиненияльул анализ гьаби | | |
| | Рик1к1ен. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Рик1к1еналъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул лъай борхизаби; | | |
| | Рик1к1еналъул г1уц1и. Ругьун гьарияльул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Рик1к1еналъул г1уц1иялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва пунктуациялъул лъай щиб даражаялда бугебали хал гьаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Рик1к1еналъул разрядал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Рик1к1еназул разрядазулгун ц1алдохъабазул лъай-хъвай гьабизе;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Иргадул рик1к1ен | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Иргадул рик1к1ен кин лъугьунебали бихьизаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц 3.Х1алт1аби хъвай | | |
| | Рик1к1еналъул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Рик1к1ен такрар гьаби;<br>2. Рик1к1еналъул бит1унхъвай малъи;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Рик1к1енал падежазде свери | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Рик1к1енал падежазде сверизе ругьун гьари;<br>2. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Рик1к1еналъул морфологияб разбор. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1алдохъаби рик1к1еналъул морфологияб разбор гьабизе ругун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул лъай щиб даражаялда бугебали хал гьаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул к/ц | | |
| | Контролияб диктант «Сталинрадалъ | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъулаб ва пунктуациялъулаб лъай щиб даражаялда бугебали хал гьаби | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | ул гьунар» | | | | | |
| | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул маг1на. Диктанталъул анализ гьаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1арубак1алъе к/б х1исабалда г1аммаб баян кьезе;<br>2.К/б такрар гьари;<br>3. Ц1арубак1алгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>4. Диктанталъул анализ гьаби | | |
| | Ц1арубак1азул разрядал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Ц1алдохъабазул ц1арубак1азул разрядалгун лъай-хъвай гьаби;<br>2. Ц1арубак1ал каламалъулъ х1алт1изаризе лъай;<br>3. Мисалал рачи. | | |
| | Ц1арубак1ал падежазде свери | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1арубак1 такрар гьаби;<br>2. Ц1арубак1ал падежазде сверизе ругьун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| | Ц1арубак1азул бит1унхъвай | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1арубак1 такрар гьаби;<br>2. Ц1арубак1азул бит1унхъвай малъи;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| | Х1амаги мискинчиги. Калам цебет1езаби. | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби; | | |
| | Изложение «Х1амаги мискинчиги» | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| | Ц1арубак1азул морфологияб разбор. Изложениялъул анализ | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Морфологияб разборалъул тартиб лъай;<br>2.Калам цебет1езаби<br>3. Изложениялъул анализ гьаби | | |
| | Причастие. Причастиялъул маг1на | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Причастиялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Причастиялдаги прилагательноял-даги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби.<br>3. Калам цебет1езаби | | |
| | Причастиялъул грамматикиял г1аламатал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Причастиялъул гр. г1аламатазул бици;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Предложениял да жаниб | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Причастие такрар гьаби;<br>2. Предложениялъул членал такрар гьари; | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | причастие. Раг1абазул диктант | | | 3. Предложениялда жаниб причастие щиблъун ккун бук1унебали малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул лъай борци | | |
| | Сочинение «Исана хасел» | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Т1абаг1аталде бугеб рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>2. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | | |
| | Причастияб сверел.Сочинениялъул анализ | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Причастияб сверелалъе баян кьезе;<br>2. Сочинениялъул анализ гьаби;<br>3. Калам цебет1езаби | | |
| | Причастиялъул заманаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Заманаби такрар гьари;<br>2. Мисалал рачи;<br>3. Х1алт1аби хъвай | | |
| | Причастие падежазде свери | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Причастие такрар гьаби;<br>2. Причастие падежазде сверизе ругьун гьари;<br>3. Калам цебет1езаби | | |
| | Причастиялъул разбор | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Морфологияб разбор гьабизе лъазе;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Контролияб диктант | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул лъай щиб даражаялда бугебали хал гьаби | | |
| | Деепричастие. Деепричастие глаголалъул хасаб форма | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Деепричастиялъе баян кьезе;<br>2. Деепричастие глаголалъул хасаб форма бук1ин бици;<br>3. Калам цебет1езаби | | |
| | Деепричастиялъул грамматикиял г1аламатал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Деепричастиелъул грамматикиял г1аламатазул бицине;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Нижер росу. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>2. Ват1аналде рокьи ц1ик1к1инаби | | |
| | Нижер росу. Сочинение | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>2. Ват1аналде рокьи ц1ик1к1инаби | | |
| | Предложениялда жаниб деепричастие | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениязулъ членал такрар гьари;<br>2.Предложениязулъ деепричастие батизе лъазе<br>2. Калам цебет1езаби | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Деепричастиялъул заманаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Деепричастие заманабазде хисизе лъазе;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Деепричастияб сверел | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Деепричастияб сверелалъе бич1ч1и кьезе;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Газета къват1ибе биччазе. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Газета къват1ибе биччазе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| | Лексика ва фразеология | 1 | Такрар гьаби | 1. Лексика ва фразеология такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| | Раг1и лъугьин | 1 | Такрар гьаби | 1. Раг1аби лъугьунел къаг1идаби такрар гьаби;<br>2. Калам цебет1езаби | | |
| | Контролияб диктант. Бобр | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул ц1алдохъабазул лъай борцине | | |
| | Х1асил гьабиялъул дарс. Диктанталъул анализ | 1 | Такрар гьаби | 1. 6 классалда малъараб материал г1амлъизаби;<br>2. Калам цебет1езаби | | |

**VI классалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун**

**ругел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохьабазда лъазе ккола:**

цогидал мац!аздаса рач1арал раг1аби, ц1иял ва басралъарал раг1аби, фразеологиял сверелал;

морфологияб къаг1идаялда раг1и лъугьинабизе; цолъул ва г1емерлъул формаялда предметиял ц1арал падежазде сверизаризе;

г1адатаб ва жубараб прилагательное г1уц1изе; иргадул рик1к1еналгун предметиял ц1арал рекъон ккезаризе; причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе; раг!ул г1уц!ияльул разбор гьабизе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола: орфографиялъул рахъалъан:** предметияб ц1аралъул суффиксал бит1ун хъвазе; журарал предметиял ц1арал бит1ун хъвазе; бат1и-бат1иял каламалъул бут1абаздаса лъугьарал прилагательниял бит1ун хъвазе;

Рик1к1ен ва ц1арубак1ал биг1ун хъвазе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

Г1емер лъул формаялда ц1арубак1азул падежиял ахирал бит1ун ц1ализе.

**Калам г1уц1ияльул рахъалъан:** жубараб план г1уц1изе; бат1и-бат1иял темабазда т1асан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;

темаялъул аслияб пикруги х1исабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;

МКОУ «Стальская гимназия»

| | |
|---|---|
| Рассмотрено : | Утверждаю : |
| Зам. директора по УМР | Директор МКОУ |
| | «Стальская гимназия» |
| Гимбатова М.Д. | Гаджимагомедов М.Я. |
| « 29 » 08.2023 | «29 » 08. 2023 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной (аварской) литературе
## 6 класс (34ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

# Авар адабият 6 класс

| № | Дарсил тема | Саг1тазул къалар | Дарсилмурад | Рокъобе х1алт1и | Планалъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъул аб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Авар адабиятва г1умру | 1 | 1. Лит.асаразултайпабазулбици;<br>2. Фальклоралъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. Авар адабияталдерокьибижизаби. | Гьум 3-6 | 02.09 | |
| 2 | Къайицадахъал. | 1 | 1. Халкъияб к1алзул гьунаралъуласаразе баян кьезе;<br>2. Маргьабазултайпабазулбици;<br>3. Рит1ухълъи цебегьаби-маргьаялъуласлиябмурад бук1ин бич1ч1изаби | Гьум 7-9.<br>Бицине | 09.09 | |
| 3 | Ралъдал чу.<br>Маргьаялъул анализ | 1 | 1. Маргьа ц1али;<br>2. «Къварилъи бихьич1ого, г1ат1илъи щоларо» - абурабкициялъул маг1на бици;<br>3. Маргьаялъул анализ гьаби;<br>4. Гьунар ц1ик1асул ц1ар к1одо гьаби<br>5. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 9-20.<br>Суратбахъизе | 16.09 | |
| 4 | Муг1рузул Г1али | 1 | 1. Ц1алул бажариборхизаби<br>2) К1алзул гьунаралъуласараздерокьи ц1ик1к1инаби | Гьум 21-25 | 23.09 | |
| 5 | Муг1рузул Г1али.<br>Анализ | 1 | 1. Кинабкъимат мац1ихъанлъиялъе халкъалъкьолеббугеббихьизабизе;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 21-27.<br>Кесек рек1ехъе лъазабизе | 30.09 | |
| 6 | Халкъияб к1алзул гьунаралъуласаралъул х1акъалъулъ баян.<br>Г1. Хачалов « Г1акъилаб къадако» | 1 | 1. Халкъиял к1алзул гьунаралъуласаразулбици;<br>2. Маргьабазултайпабитакраргьари<br>3. Маргьабаздерокьи ц1ик1к1инаби | Гьум 27-30 | 07.10 | |
| 7 | Заирбег Г1алиханов.<br>Беццабсапар<br>Халкъиялмаргьабаздагивали | 1 | 1.Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ кьокъаб баян кьезе;<br>2. Сих1ру вамакру рик1к1ад гьабизекколеблъи бич1ч1изабизе<br>3. Маргьабаздагьоркьоббугеб бит1алъи бихьизаби; | Гьум 35-49<br>Гьум 49-51 | 14.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | тературияздагигьоркьоб бат1альи | | 4. Ц1алул бажариборхизаби | | | |
| 8 | Г1. Шахтаманов. Халкъалъулццин | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Бах1арчилъи ц1алдохъабазулъ бижизаби | Гьум 54-59 | 21.10 | |
| 9 | Халкъалъулццин. Анализ | 1 | 1. «Цочиясбо г1уц1ула, цочиясбобиххула», - абурабкициялъул маг1на бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 54-63 | 28.10 | |
| 10 | И. Г1алих1ажияв. «Рицинин цохабарал». Кицабиялалфазал | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул зах1маталдехун бугеброкьи ц1ик1к1инаби;<br>3. Бац1ц1адаб, г1ет1 т1ун щвараб маг1ишаталда бугеббаракаталъулбицине<br>4. Коч1ол анализ гьабизе.<br>5. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 65-68. 5 рек1ехъе лъазабизе | 11.11 | |
| 11 | Хъ.Мах1муд. Рек1елъ иях1бугев аск1овег1ан ц1ай | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1алкъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Чияр зах1мат кваналелмакруял чаг1азул къасдал къват1ир ч1вазарун ругеб куц;<br>3. Ц1ияб г1умру т1аде щолеб бук1ин бихьизабизе шаг1ирасул бугеб рак1ч1ей бихьизабизе. | Гьум 70-73. Рек1ехъе лъазабизе | 18.11 | |
| 12 | Батирай. Бах1арчиясул куч1дул | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баяналкьезе;<br>2. Батирайилзаманаялъ Ват1ан ц1униялъул бук1араб ц1арги к1варги лъазе;Багъадурасулкинаб г1амал-хасият бук1ине кколеббихьизабизе.<br>3. Батирайил коч1олаб кламалъулгъварилъи, г1адатлъи,къокълъи.<br>4. Метафораялъеаслияб бич1ч1и кьезе; | Гьум 74-77. Рек1ехъе лъазабизе | 25.11 | |
| 13 | Ахтиса Х1ажи. «Мискинчияс Г1акълу къуни», «Цокагъат бит1е» КъуркълисаЩазал г1умру вакъисмат | | 1. ПасихIго, пикругьабун, асаралцIализе.<br>2. Асараздахурхунсуалалкьезе.<br>3. Асараздахурхун, суалазежавабалкьезе.<br>4. Авторасулкинаббербалагьиасаразулгерояздехунбугебалиургъизе.<br>5. Щибмурадалдахъварабасаралипикругьабизе.<br>1. Щазал г1умруялъул х1акъалъулъ баян;<br>2. Г1адамазе наг1ана, кьезебегьулареблъибициневалъазе;<br>3. Бечедав вук1иналъ жиндиещолареввасасячинилангигуккун, рехунтарайясалъул кьог1аб къисматбихьизаби;<br>4. Рокьи г1азаб, рух1ияб бечелъирагьизе коч1охъаналъул бугебгьунар | Гьум 84-86 | 02.12 | |
| 14 | ЙирчиГъазахъ. | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баянал; | Гьум 78-83 | 09.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | «Сибиралдасакагъат»<br>«Икъбал» | | 2. Зулмугъаби, х1ач1лъи лъик1аб г1амал-хасият гъеч1еблъи лъазе;<br>3.Ват1анги тезабун, Сибиралде рит1арал дагъистаниязул кьог1аб г1умруялъул сурат цебеч1езабун бугеб куц бихьизабизе<br>4. Туснахъ къот1аразул рижарабракьалъухъурхъибихьизабизе<br>5. . Бечелъиялдебалагьун, чиясулкъадруборцунебсоциалияб г1уц1иялде авторас г1унт1изабулеб г1айиб бихьизаби | | | |
| 15 | Калам цебет1езаби. | 1 | 1. К1алзул вахъвавул калам цебет1езаби:<br>2. Малъараб материал такраргъаби. | | 16.12 | |
| 16 | 20 г1асруялъул авар адабият.<br>Ц1. Х1амзат.<br>Г1умру ваадабияб х1аракат<br>Шамил. Чоде бет1ергьанас хъвараб. | 1 | 1. Поэтасул г1умруялъул х1акъалъулъ баяналкьезе;<br>2.Ц1алдохъабазул рокьибижизабизе Х1амзатил хъвадарухъанлъиялде;<br>3. Коч1охъанасул махсара, чода бадибч1вай, г1айибал гьари, гьелгьариялъе<br>4.Цалулбажариборхизаби<br>5.Халкъиявбагьадурасдебугьтаналлъей, кьуч1 гьеч1ел ч1орал, раг1и рехи-мекъабишбугинабураб шаг1ирасул пикру коч1олъ загьирлъи;<br>6.Шамилил бах1арчияб тарихалъекъиматкьезе; | Гьум 87-92.<br>Гьум 92-94 | 23.12 | |
| 17 | Пилги ц1унц1раги | 1 | 1. Жиндиргокъуваталде мугъч1вайги гьабун, ч1ух1и бихьизабурабпилалъулмисалалдасан шаг1ирас г1адамасулъ рекъеч1еб пахруяб ч1ух1и какулеб куц лъай ;<br>2. Басняльул насих1ат | Рек1ехъе лъазабизе | 30.12 | |
| 18 | Маймалакги ц1улал устарги<br>Басня | 1 | 1. Жиндиргуребиш т1аде босаравчисурулеб куц бихьизаби;<br>2. Г1амал к1одолъи, рак1ч1ей, хъулухъгуребиш бот1роде босиквешабжо бук1ин лъазе<br>3.Басняльул х1акъалъулът баян кьезе;<br>4. Бит1ун, бич1ч1ун, пасих1го ц1али;<br>5. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум 94-97<br>Нижер кету.<br>Нижер г1ака.<br>Сочинение лъугьина-бизе | 13.01 | |
| 19 | Заид Х1ажиев.<br>Х1анч1ик1к1ал<br>ц1али | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баяналкьезе;<br>2. Гогьдари, г1амал к1одолъи-сури бук1ин бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 100-106 | 20.01 | |
| 20 | Х1анч1ик1ак1ал.<br>Анализ | 1 | 1. Басняльул анализ гьаби;<br>2. Ц1одораб х1инч1 х1анч1алъе ин вацадахъ х1алт1иялдаса щвараброххел, гагулмакрулъи;<br>3. Х1анч1азул эркенаб зах1матги гагулпахрулъигибихьизабизе шаг1ирас х1алт1изарурал сипатиял раг1аби ратизелъай | Гьум 103-110 | 27.01 | |
| 21 | Цакьугициги | 1 | 1. Рек1елъ чаран бук1ин чилъиялъуласлияб | Гьум 110-113 | 03.02 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | шарт1кколеблъиЦакьулгиЦилгимисаладалъун шаг1ирас загьиргьабунбугеб куц;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | | | |
| 22 | Р. Динмух1амаев. Хиянатчи | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъул къокъаб баян;<br>2. Ват1аналде къоккарабмехалъ, нахъекъан ч1арав чиясулрогьояб г1умру вагьелъулкколебинжитабахирбихьизаби; | Гьум 114-128 | 10.02 | |
| 23 | Хиянатчи. Хабарияласаразултайпаби | 1 | 1. Ват1аналъе хилиплъаравчиясжиндирго г1агарлъи, йокьарай яс учузгоричулеб куц бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби<br>3. Хабарияласаразе баян кьезе; | Гьум 128-139 | 17.02 | |
| 24 | Р. Х1амзатовасул творческиябнух | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Р. Х1амзатов -ч1ух1и | Гьум 140-143 | 24.02 | |
| 25 | Россиялъулсолдатал. Анализ | 1 | 1. Халкъаздагьоркьобгьудуллъи, г1адамазе Ват1аналъул хиралъи, рагъухъабазул бах1арчилъи, рух1ияб бечелъибихьизабунбугебгьунаралъулбицине;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби<br>4.Рагъул кинабсипат–суратькьунбугебалибицине;<br>5.Вацлъи щулалъизабизекколеблъибихьизабизе;<br>6. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 143-150<br>Суратбахъизе | 03.03 | |
| 26 | Р. Х1амзатов. Къункъраби | 1 | 1. Ват1аналъул намус ях1 ц1унун рагъарал, х1алт1арал бах1арзазе сайгъатгьабураб кеч1 бук1ин лъай;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 151<br>Рек1ехъе лъазабизе | 10.03 | |
| 27 | Ф. Г1алиева. Диррахьдал мац1<br>Сочинение | 1 | 1. Поэталъул г1умруялъул баяналкьезе;<br>2. Мац1 гьеч1они, гьеч1о миллат. Миллат т1аг1арал къавмал – рух1ияб иццкъараб къулг1а бук1ин бич1ч1изаби<br>3. Рух1ияб хазина – рахьдал мац1 ц1унеян Фазуцабалеб ах1и<br>4. Авар мац1алде бугеброкьи ц1ик1к1инаби;<br>5. Мац1 гьеч1они – гьеч1о миллат;<br>6. К1алзул вахъвавул калам цебет1езаби | Гьум 153-157<br>Сочинение лъугьина-бизе | 17.03 | |
| 28 | Х1. Х1ажиев. Г1алибегил къулг1а.<br>Тексталда т1ад х1алт1и | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьезе;<br>2. Г1алибегилги гьесул ч1ужу Айизалги г1аданлъи, рек1ел сахаватлъи, адаб х1урматгун инсан к1одо гьавизебугебгьунарбихьизабунбугебкуцалъулбицине;<br>3. Сверухъбугеб т1абиг1аталдехун херав маг1аруласул бугеброкьива т1алаб<br>4.К1алзул калам цебет1езаби; | Гьум 158-166.<br>Суратбахъизе | 07.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 5. Г1аданлъи, адаб-х1урмат гъаби – нилъераслиябналъи бук1ин бич1ч1изаби | | | |
| 29 | М. Г1абдух1алимов<br>Госпиталалъул вас<br>1-4 бут1а | 1 | 1. Поэтасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Бах1арчилъи, къвак1и бищун лъик1ал г1амалал рук1ин лъазе;<br>3. Х1амзатилги Сахратилгигьудуллъиккей;<br>4. Лъукъаралсолдатаз Х1амзатил эбелалъул х1урмат гьабулеб куц бихьизабизелъай<br>5. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 168-188. | 14.04 | |
| 30 | Госпиталалъул вас.<br>Анализ | 1 | 1. Анализ гьаби;<br>2. Асаралъул г1уц1иялъул бици;<br>3. Ц1алдохъабазулъ бах1арчилъи бижизабизе | Гьум 168-188. | 21.04 | |
| 31 | Багъатар.<br>Дихъралагьун ч1а, муг1рул.<br>Анализ. Пейзаж | 1 | 1. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ баянал;<br>2. Муг1рузде, т1абиг1атalде, сверухълъиялдерокьижегиц1ик1к1инаби.<br>3. Пейзажалъеаслияб бич1ч1и кьезе;<br>4. Багъатарица т1абиг1аталъе кинабкъиматкьунбугебалибихьизабизе;<br>5. Г1исиназдаги ч1ах1ияздаги гьоркьобгьудуллъибихьизаби<br>6. Х1айваназдехун рокьи ц1ик1к1инаби;<br>7. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 190-210 | 28.04 | |
| 32 | ЭффендиКапиев.<br>Разведчикал. Сабаб.<br>Маг1арухъ чвахунц1ад.<br>Очеркалъул х1акъалъулъ баян | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Тушманасдаса рец1ел босизебугеб г1ишкъу бихьизаби;<br>3. Ват1аналде жегирокьи ц1ик1к1инаби;<br>4. Бергьенлъиялъулицц – халкъазулгъункарабцолъи, Ват1аналде рокьи бук1ин бихьизаби<br>5.Рагъдахвалдаса ц1унулеб сабаб – ц1одорлъи, бах1арчилъи, х1инкъи лъангут1и бук1ин лъай.<br>6. Чвахунц1ад банхадуб т1абиг1аталъул хиса-басиязулбицинелъай;<br>7. Т1абиг1ат-нилъер аслияббечелъи бук1ин бич1ч1изаби;<br>8.Ц1алул бажариборхизаби. Очеркалъе баян кьезе; | Гьум 212-222.<br>Гьум 222-226<br>Кесек рек1ехъе лъазабизе | 05.05 | |
| 33 | Мух1амад-Султ1ан Ях1яев.<br>Питна. Г1урул ханал | 1 | 1. Шаг1ирасул х1акъалъулъ къокъалбаяналкьезе;<br>2. Лъималазулгьудуллъи-вацлъибиххизабизе, гьездагьоркьобпитнабекьулевягъзинвихьизави. Гьудулзабирагъизе т1ами вагьелъул х1асил бич1изаби ;<br>3. Гьалмагъзабигуккун, ц1ар босизе къвариг1арав ц1алдохъанасул квешаб г1амал бихьизаби. Х1арам кида-къадги т1атинч1ого хут1унгут1и бихьизаби;<br>4.Лъималазда гьоркьоб х1алихьалъи бегьунгут1и бихьизаби;<br>5.Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 227-237.<br>Гьум 227-247 | 12.05 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 34 | Гъ. Бах1андов «Эмен».ХашагисаБецавКъурбан. МискинавШахул яс | 1 | 1. Х1алихьали къват1иб ч1вазаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | Гъум 248-250 | 19.05 | |
| 35 | Х1асил гьабиялъулдарс | 1 | 1. К1алзул калам цебет1езаби | | 26.05 | |

**Лъаялъулвабажариялъулрахъаль VI классалъул ц1алдохъабазда церелъолеласлиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**

-лъазаруралаcаразулвагьезулавторазул ц1арал;

-лъазаруралададабиял терминал, багьадурасулва т1абиг1аталъул сурат, гипербола.

-программаялда рек1ехъе лъазаризерихьизаруралтекстал.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризеккола;**

-Минуталдажаниб 100-110 раг1и кколебхехлъиялдалъазаруралтекстал рит1ун, раг1ун вачвахун ц1ализе:

-асаралдасахасаллъугьа-бахъиналратIарахъизе;

-лъазабулебасаралдажанирнколеллъугьа-бахъиназдагьоркьобзаманиябва г1илла-мурадияб бухьен ч1езабизе;
-лъазабулебасаралъултексталдажанирсипатиял раг1аби ратизе;
-лъазабулебасаралъулбагьадуразулишаздебалагьун, гьезул г1амал-хасияталъул бицине;
-художествиял, рич1ч1изе бигьаял г1елмиял текстал рит1ун, чвахун, раг1ун ц1ализе;
-художествияласарал пасих1го ц1ализе;
-гьит1инаб асар, яги к1удиялъул кесек изложение х1исабалда бицинегихъвазеги;
-зах1маталъул темаялдасочинениялхъвазе;
-хабариябасаралъул, яги гьелъулцо бут1аялъул план г1уц1изе;
асаралъулбагьадураздехунвалъугьа-бахъиназдехунлъугьарабберб алагьигизагьиргьабун, жинцаго ц1аларал асаразекъиматкьезе.